

Nama	
Kelas/No. Absen	
Sekolah	

ASESMEN SUMATIF

Mata Pelajaran

: Bahasa Jawa

Kelas/Semester

: VIII/Ganjil

Materi

: Tembang Macapat

Garapen miturut prentahe!

1. Tembang ing ngisor iki sebutna paugerane banjur sebutna jenise!

Tembang	Paugeran	Jenise Tembang
Padha gulangen ing kalbu ing sasmita amrih lantip aja pijer mangan nendra kaprawiran den kaesthi pesunen sariranira sudanen dhahar lan guling		
Mingkar-mingkuring angkara, Akarana karenan mardi siwi, Sinawung resmining kidung Sinuba sinukarta, Mrih kertarto, pakartining ngelmu luhung, Kang tumrap neng tanah Jawa, Agama-ageming aji.		
Dhuh anak mas sira wajib angurmati, Marang yayah rena, Aja pisan kumawani, Anyenyamah gawe susah		
Dedalane guna lawan sekti, Kudu andhap asor, Wani ngalah dhuwur wekasane, Tumungkula yen dipundukani, Bapang den simpangi, Ana catur mungkur.		

Nuladha laku utama, Tumraping wong tanah Jawi, Wong agung ing Ngeksiganda, Panembahan Senapati, Kepati amarsudi, Sudane hawa lan nepsu, Pinesu tapa brata, Tanapi ing siyang ratri, Amemangun karyenak tyas ing sasama		
--	--	--

2. Tembang-tembang ing ngisor iki minangka tembang gambuh sing salah. Coba temokna kesalahane tembang gambuh iki. Cocogna karo pilihan sing wis ana ing kolom sebelah tengen.

Tembang	Kesalahan	Pilihan
Yen ati lagi nandhang bingung petanana sakehe tingkahmu kang kapungkur kudu enggal dan beresi aja nandho urusanmu awit iku bisa ngendhog.		• Gatra siji salah guru wilangane • Gatra siji salah guru lagune
Sing kudu disinau kang baku kadewasan dhirimu marga sira iku padha karo uwit ora pijer miyar-miyur ngadeg jejeg kudu kuat		• Gatra loro salah guru wilangan lan guru lagune • Gatra loro salah guru wiangane
Ndedonga iku perlu ngrumangsani yen manungsa kabeh kagungane Ingkang Maha Widi sabar nrima lawan nyebut ora kena srota-sroto		• Gatra telu salah guru wilangane • Gatra telu salah guru wilangan lan guru lagune
Yen sira grasa-grusu sakeh tindak mesthi gampang kleru, mangka kleru iku mbebayani tumrap urip bisa kojur ora wurung dadi repot		• Gatra papat salah guru wilangane
Pitadosa kalamun urip iki gampang yen dietung kanthi nalar sebab kabeh iku yekti ditandangi bisa enggal rampung yen awak tan gampang nglokro		• Gatra papat salah guru lagune • Gatra lima salah guru lagune • Gatra lima salah guru wilangane

3. Wangsulana pitakon-pitakon ing kothak miturut informasi kang ana ing tembang!

Tembang

Becik atmaja iku

Tansah bekti manut rama ibu

Pitutur sae tansah dipun ugemi

Piweling sejatinipun

Gawe apik gesang ingong

Tegese Tembung:

Atmaja: anak

Ugemi: taati

Sejatinipun: saktene

Gesang ingong: Uripku

- a. Miturut tembang ing nduwur, bocah sing diarani apik yaiku.....
- b. Carane bekti marang wong tuwa sing ana ing tembang, yaiku....
- c. Ngendikane wong tuwa kuwi kudu dipatuhi, amarga.....
- d. Miturut tembang ing nduwur, apa sing bakal kedadeyan yen ora manut piweling wong tuwa?

4. Sebutna piwulang saka tembang gambuh ing nduwur!

Tembang

Drajate urip iku

Ora akehe bandha donyamu

Nanging urip ingkang bisa migunani

Seneng aweh lan tetulung

Tanpa owel tanpa abot

Tegese Tembung:

Migunani: bermanfaat

Aweh: menehi

Owel: ora ikhlas

Piwulang saka tembang, yaiku

5. Gawenen crita kedadayan ing urip sabendinane sing jumbuh karo isine tembang gambuh!

Tembang

Drajate urip iku

Ora akehe bandha donyamu

Nanging urip ingkang bisa migunani

Seneng aweh lan tetulung

Tanpa owel tanpa abot

Tegese Tembung:

Migunani: bermanfaat

Aweh: menahi

Owel: ora ikhlas

Kedadayan sing jumbuh karo tembang

6. Urutna gatra ing ngisor iki supaya dadi tembang gambuh!

Sing utama kuwi golek ilmu	Tembang Gambuh
Prestasine kudu unggul	
Aja dadi wong sing bodho	
Ra perlu gaya yen mung nuruti gengsi	
Ing sekolahan iku	

7. Jangkepna gatra-gatra sing ana supaya dadi tembang gambuh

Uwong sing.....	Tembung Pilihan
Uripe mesthimujur	bakale
Laku sing mesthi den selaki	tansah jujur
Resik ati lurus.....	laku
Wong unggul ingkang.....	sayektos
	culika

8. Gawenen tembang gambuh sing ngelingake yen bocah sekolah kuwi sing penting golek ilmu, ora golek pacar.

